qoyılǵan edi. Allanıń hámiri menen kóp waqıtqa deyin hár hápteniń juma kúnleri Qorqıt atanıń qobızınan óziniń xojayının eske alıp otırǵanday qayǵılı dawıslar shıǵıp turatuǵın edi. Qobızdıń dawısına tereńirek dıqqat awdarıp qulaq salsaq, ol óziniń karamatlı iyesin Qorqıt – Qorqıt dep shaqırıp turǵanın anıq esitiw múmkin edi.

Qobız ásbabı ázelden qaraqalpaq xalqı arasında qaharmanlıq dástanlarınıń atqarıwshıları bolǵan, tariyxtı bizge shekem jetkeriwde úlken úles qosqan jırawlar tárepinen paydalanılǵan. Yaǵnıy, jıraw – qolına qobız alıp xalıqtıń bay ǵáziynesi bolǵan dástanlardı, tariyxıy tolǵawlardı, jırlardı jırlap, jıyılǵan xalıqqa tamasha berip, olardıń arzıw-ármanların aytıwshı, xosh hawazlı atqarıwshı hám sázende bolıp esaplanadı. Joqarıda aytıp ótkenimizdey qobız ásbabı tek qaraqalpaqlarǵa ǵana tán bolıp qalmastan, barlıq túrk tilles xalıqlarına tán bolǵanlıǵı málim. Sol qatarı bul ásbaptıń sırtqı kórinisi, dúzilis forması, hátteki onnan taralǵan qaytalanbas ózine tán dawısı da bir- birine uqsas hám júdá jaqın bolıp kelgen. Yaǵnıy, bul ásbap bárshe xalıqlarda jup tar taǵılatuǵın saz ásbap bolıp, ol skripka, girjek ásbapları sıyaqlı tartqıshtıń járdemi menen atqarılǵan.

Qaraqalpaqlarda bul ásbap kópshilik jaǵdaylarda tut, erik aǵashlarınan islenip, onıń dástesi bir tárepke qaray iyilip kelgen boladı. Ol bas hám shanaq bolıp tiykarǵı eki bólekten quraladı. Qobızdıń gewdesi túye terisi menen qaplanıp, dástesine jılqı quyrıǵınan alınǵan jup tar taǵılıp ol kóbinese kvarta intervalına sazlanıp, bul ásbaptıń diapazonı 1,5-2 oktava kóleminde boladı. Qobızdıń kóleminiń uzınlıǵı onıń atqarıwshısı bolǵan jırawǵa baylanıslı. Bul ásbap biziń milliy ásbaplarımızdıń biri bolǵan girjek ásbabı sıyaqlı dizege qoyılıp, bas bólimi atqarıwshınıń shekesine barıp turadı hám tartqısh járdemi menen shertiledi. Biraq, bul ásbaptı oynaǵan waqıtta barmaqlar girjek sıyaqlı dástege tiymeydi. Al, qobızdı oynaǵanımızda tırnaq penen barmaqtıń roli úlken. Bul usıl flajolet dep aytıladı.

Qobız ásbabınan dórelip, atqarılıp kiyatırǵan namalarǵa «Ayǵa shap», «Sholasqan», «Jerbeyit», «Tolqın», «Aytwar», «Jan-jan», «Ullı ziban», «Kelte ziban», «Jortıwlı», «Kún shıǵar», «Ilǵal» h.t.b. mısal etsek boladı [8:53].

**Duwtar.** Duwtar ásbabı qaraqalpaq xalqı arasında oǵada keń taralıp, maqtanıshlı milliy miyrasımızǵa aylanıp, ásirler dawamında hár qanday tariyxıy jaǵdaylarda, quwanısh-qayǵısında, toy-merekelerinde birge ómir súrip kiyatırǵan milliy baylıǵımız bolıp esaplanadı. Bul ásbap «Qaraqalpaqlarda XV ásirdiń aqırı, XVI ásirdiń baslarında júdá keńnen taraǵan saz ásbap qatarına kiredi, degen boljawlarda bar. XV ásirdiń aqırı XVI ásirdiń baslarında qaraqalpaq duwtarı eki túrli bolıp soǵılǵan. Birinshi túri perdesiz bolsa, ekinshi túri perdeli bolǵan», dep keltirip ótedi Q.Áyekeev óziniń «Duwtar tariyxı. Duwtar shertiw hám soǵıw usılı» atlı kitabında [8:63].

Bul ásbaptıń kelip shıǵıwı haqqında basqa ásbaplar sıyaqlı kóp ǵana ápsanalardı ushıratamız.

Duwtar ázelden-aq arfa, sıbızǵı, sırnay, qobız, shıńqobız sıyaqlı ásbapları menen qanalas ásbap bolǵan. Sonday-aq, ol qaraqalpaq xalqınıń milliy muzıkalı ásbabı bolıp ǵana qoymastan, ol xalıq muzıkasın rawajlandırıwda hám muzıka mádeniyatın bayıtıwda tiykarǵı rol atqaratuǵın ásbap bolıp sanaladı. Xalqımız turmısında bul ásbabtıń qádir qımbatı sonshelli dárejede joqarı ekenligin hár bir qaraqalpaq shańaraǵında duwtar ásbabı ilinip turǵanınan-aq kóremiz [9:28].

Hár bir saz ásbaptıń óziniń shertiletuǵın namaları bolǵanınday, shıńqobızdıń da óz aldına atqaratuǵın namaları bar. Olar «Sıńsıw», «Jetim qız», «Qara jorǵa», «Átshók», «Eskek esiw», «Ala jorǵa», «Ǵaz ǵańqıldısı» h.t.b. namalar. Bul namalardıń qosıǵı bolmay qurı tekstsiz shertiledi. Sonıń menen bir qatarda bul namalar turmısta ushırasatuǵın ayırım obrazlardı súwretlewden ibarat.

## Ádebiyatlar


1. Adambaeva T. Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq muzıkası. –Nókis: 1976.
2. Ayımbetov Q. «Xalıq danalıǵı». –Nókis: 1988.
3. Ayımbetov Q. «Tariyxıy qosıqlar, jırawlar repertuarında» Ámiwdárya jurnalı №7, 1964.
4. Dáwqaraev N. «Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq ádebiyatınıń ocherkleri». –Nókis: 1961.
5. Qosbergenov R. «Qaraqalpaq xalqınıń koloniyal dáwirindegi mádeniyatı hám turmısı». –Nókis: 1970.
6. Мақсетов Қ., Палымбетов К. Қарақалпақ дәстүр қосықлары. -Нөкис: «Билим», 1997.
7. Мухаммед Хошан. Бабалардың дәстүри. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993.
8. Тажимуратов А. «Қарақалпақ халық қосықлары». –Нөкис: 1965.
9. Hadirova A. Qaraqalpaq muzıka tariyxı. –Nókis: «Qaraqalpaqstan». 2019.



**REZYUME.** Qoraqalpoq milliy musiqasi og‘izdan og‘izga, avloddan-avlodga, ustozdan shogirdga o‘tib kelayotgan mashhur kuy biridir. Maktablarda o‘quvchilarga milliy musiqani o‘rgatish Vatanga muhabbat tuyg‘ularini rivojlantiradi.

**РЕЗЮМЕ.** Национальная музыка каракалпаков является одним из знаменитых из песнопений, которое передаётся из уст в уста, из поколений в поколение, от учителя к ученику. Обучение национальной музыки учащимся в школах вырабатывает патриотизм к Отечеству.

**SUMMARY.** The national music of the Karakalpaks is one of the most famous of the chants, which is transmitted by word of mouth, from generation to generation, from teacher to student. Teaching national music to students in schools develops patriotism for the Fatherland.


# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЭКОНОМИКАЛЫҚ РЕФОРМАЛАРДЫ ТЕРЕҢЛЕСТИРИЎ ҲӘМ ЭКОНОМИКАСЫНЫҢ ТУРАҚЛЫ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ ТЕНДЕНЦИЯЛАРЫ


**А.К.Сарыбаев –** *тарийх илимлериниң кандидаты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** иқтисодиётни модернизация қилиш, саноат, қурилиш, қишлоқ хўжалиги ва транспорт инфратузилмасидаги ислоҳотлар, иқтисодиёт соҳасини тубдан ислоҳ қилиш; ижтимоий ҳимоя, кичик бизнес ва хусусий тадбиркорлик, аҳоли хавфсизлигини ошириш, “Темир дафтар”, “Аёллар дафтарлари” ва “Ёшлар дафтарлари”.

**Ключевые слова:** модернизация экономики, реформы в сфере промышленности, строительства, сельского хозяйства и инфраструктуры транспортной коммуникации, коренные реформы экономической отрасли, социальная защита, малый бизнес и частное предпринимательство, повышения обеспеченности населения, «Железная тетрадь», «Женская тетрадь» и «Молодежная тетрадь».

**Key words:** modernization of the economy, reforms in industry, construction, agriculture and transport infrastructure, fundamental reforms of the economic sector, social protection, small business and private entrepreneurship, increasing the security of the population, "Iron Notebook", "Women's Notebook" and "Youth Notebook".


Қарақалпақстан Республикасында 2005-жылы экономикалық реформаларды буннан да былай тереңлестириў, экономикада жеке секторды көбейтиў, халық хожалығының барлық тараўларының турақлы раўажланыўын тәмийнлеў, сондай-ақ халықты социаллық қоллап-қуўатлаў бағдарламасының жаңа бағыты ислеп шығылды. Онда 2000-жылы басланған экономикалық реформалардың кейинги басқышында

экономиканы және де еркинлестириў ҳәм модернизациялаў ҳәм де елимиздеги қолайлы исбилерменлик орталығын қәлиплестириўдиң тийкарғы бағдарлары белгилеп берилди.

Қарақалпақстанда экономикалық реформаларды иске асырыўда ҳәм халықтың социал-экономикалык шәраятларын жақсылаўда бир қатар унамлы өзгерислер жүз берди. Экономикалық раўажланыўы нәтийжесинде аймақтың финанслық турақлылығы тәмийинленди. Буған санаат өнимлери көлеминиң турақлы артыўы, өндирис инфраструктурасы раўажланып баратырғаны себепли ерисилди. Соны да айрықша атап өтиўимиз керек, Қарақалпақстан Республикасы ғәрезсизлик жылларында санааты раўажланған, экономикалық потенциалы жыл сайын өсип баратырған ири индустриал регионға айланды. Аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў ҳәм оларды қайта ислеў менен бирге химия санааты, электронэнергетика, тоқымашылық, азық-аўқат санааты жедел раўажланды.

Қарақалпақстандағы бай минерал шийки зат дереклерин жоқары заманагой технологиялар тийкарында өзлестириў, сонын есабынан аймақтың экономикасын раўажландырыў, халыкты жумыс пенен тәмийинлеў, усы тийкарда халықтын абаданлығын арттырыў бойынша оғада улкен жумыслар әмелге асырылды. Буның айқын мысалы ретинде, Орайлык Азияда бирден-бир болған Қоңырат сода заводының 2006-жылы иске түсирилиўи республиканың экономикалық потенциалының беккемлениўине, экспорт көлеминиң артыўына, адамлардың жумыс пенен тәмийинлениўине хызмет етти. Бул кәрхана толық қуўатлылықта ислеп баслап тек 2012-2016 жж. өзинде-ақ кальцийлестирилген сода ислеп шыгарыўдын қуўатлылыгы 2 есеге арттырылды ҳәм жылына 200 мын тоннаға жеткерилди [1:1].

Және бир улкен жойбар – Устирт газ-химия комплекси санаатымыздын локомотивине айланып, Үстирт кеңисликлери менен Арал теңизи акваториясында онлаған сырт елли шериклер менен бирликте нефть, газ, углеводород кәнлерин излеп табыў ҳәм қазыў, ҳәрекеттеги қудықларды реконструкциялаў жумыслары алып барылды. 2015-жылы декабрь айында иске тусирилген бул комплекс жылына 4 миллиард кубометр газди кайта ислеў тийкарында 400 мын тонна полиэтилен, 100 мын тонна полипропилен, 100 мын тоннадан аслам пиролиз суйықлығын ислеп шығарыў қуўатлылығына ийе болды [2: 3].

Буннан баска, сол жылларда избе-из алып барылып атырған реформалардың нәтийжесинде Аралбойы аймағында жыл сайын санаат раўажланып, жаңа қәрханалар иске түсирилди. Бунда импорт орнын басыўшы өнимлер ислеп шығарыў ҳәм де өндиристи миллийлестириў бағдарламасына тийкарғы итибар қаратылды. Мысалы ушын, 2012-2016 жыллары Қарақалпақстан Республикасындагы 12 аймаклық кәрханада Жергиликлилестириў бағдарламасы тийкарында 186 миллиард сумлык оним ислеп шыгарылған. Бул жерде жумыс ислеп атырған 66 қоспа кәрхананын 30ы тийкарынан бурын бундай кәрханалар болмаған районларда усы жыллары шөлкемлестирилген еди. Солай етип, Қарақалпақстанда қайта ислеў кәрханаларын жаңа технологиялар тийкарында модернизациялаў нәтийжесинде жәҳән стандартларына толық жуўап беретуғын жаңа өним түрлерин ислеп шығарыў кең жолға қойылды. Нәтийжеде, егерде 2000-2010 жылларда Каракалпакстанда жалпы аймақлық өним (ЖАӨ) ислеп шығарыўдың өсиў пәти 108 процентти қураған болса, кейинги 2010-2016-жыллары ЖАӨ нин колеми 1,5 есеге кобейди, онда санааттын улеси 31 проценттен артты. Экономикадағы өсиў пәтлерин санааттың жедел раўажланып атырғаны, өндирис кәрханаларын реконструкциялаў ҳәм модернизациялаў, әсиресе, салаға инвестицияларды тартыў арқалы әмелге асырылды [3:1-2].

Санаат өндириси көлеминиң өсиўине қарамастан, Қарақалпақстанда аўыл хожалығы экономикада баслы орынды ийелеп турды. Арал бойында жузеге келген қыйын ҳәм аўыр климат шараятына қарамастан Қарақалпақстанлы дийкан ҳәм фермерлердин пидакерлик мийнети себепли аўыл-хожалығы саласында улкен нәтийжелерге ерисилди. 2001-жылда 43 мың тонна бийдай жетистирген дийқанларымыздың қырманы 2010-жылда 201 мың тоннаны қурады. Усы дәўирде палыз өнимлерин жетистириў көлеми 30,7 мың тоннадан 134,2 мың тоннаға көбейди. Зүрәәтлилик 81,7 центнерден 143,8 центнерге артты. Бул өз гезегинде, аўыл хожалығы өнимлерин қайта ислеўди жолға қойыўға имкан жаратып, мийўе-палыз өнимлерин қайта ислеў көлеми бес есеге артты. Шарўашылық өнимлерин жетистириў көлеми де артып, кусшылық, пал ҳәррешилик, балықшылықты раўажландырыўға исенимли қәдем тасланды [4: 2].

2014-жылға келип республикадағы 263 мың нан зыят жер майданы аўыл хожалығына тийисли болып, бунда тийкарғы тараўлары ғәллешилик (бийдай ҳәм салы өсириў), пахташылық, мал шарўашылығы ҳәм жипекшилик саналды. Елимизде жеке сектордын улесин кобейтиўге каратылган илажлар фермер хожалыкларынын тез пәт пенен раўажланыў ушын имканиятлар жаратылғаны себепли, бул дәўирде Қарақалпақстанда 4 мыңнан аслам фермер хожалықларында 192 мың адам жумыс иследи.

Аўыл хожалығында фермерлик ҳәрекети раўажланып, өним жетистириўдиң нәтийжелилиги артты. Улыўма, 2010-2016 - жылларыда Каракалпакстанда аўыл хожалығы өнимлеринин көлеми 1,9 есеге ости. Республикада 2016-жылы пахта ҳәм бийдайдан мол зурәәт жетистирилип, шәртнамалы режелер артығы менен орынланды. Сонын менен бирге, 450 мын тоннаға шамалас картошка, мийуе-овощ ҳәм палыз өнимлери яки бул бағдарда 2011-жылга салыстырғанда 1,6 есе коп зурәәт алынды. Сондай-ак, 40 мын гектар майданда 140 мын тоннадан аслам салы жетистирилген [5:2].

Ғәрезсизлик шарапаты менен заманагөй транспорт коммуникация инфраструктурасының тез пәтлерде раўажланыўы нәтийжесинде автомобильде жүк тасыў, соның ишинде, транзит жүк тасыў көлеми тек 2010-жылда 2005-жылға салыстырғанда 61 процентке өсти. Соны да айрықша атап өтиў керек, жәҳән үлгилери дәрежесинде қурылып атырған Өзбекстан миллий автомагистралы – Гүзар-Бухара-Нөкис-Бейнеў жолының Қарақалпақстан Республикасы аймағынан өтетуғын 132 километрлик бөлегинде реконструкция жумыслары бул дәўирде алып барылды [6:2]. Бундай ири автотрассаның қурылыўы елимиздиң экономикалық потенциалының буннан былай да өсиўине, экспорт ҳәм импорт имканиятларының артыўына, халықаралық экономикалық байланыслардың және де беккемлениўине хызмет етеди.

Солай етип, экономикалық реформалардың әмелге асырыў нәтийжесинде Қарақалпақстанда халық хожалығының жағдайы бир қанша турақласты ҳәм үлкемиз экономикалық өсиўшиликке еристи. Улыўма алғанда, 1991-2014 жыллар даўамында Қарақалпақстан Республикасының жалпы аймақлық өними 3,1 есеге осиў тәмийинленди. Бунда санаат өнимлери көлеми 2,7, аўыл хожалық өнимлери 12, қурылыс жумыслары 4,7, киритилип атырған инвестиция көлеми 5,6 есеге ости [7:2].

2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың Ҳәрекетлер стратегиясы бойынша мәмлекетимизде алып барылған халықшыл сиясат,

экономиканы либералластырыў ҳәм социаллық қорғаўға берилген айрықша итибар нәтийжесинде Өзбекстан, сонын менен катар Қарақалпақстан экономикасының барлық тараўлары раўажланыўдың жаңа басқышына көтерилди. Бундай унамлы нәтийжелер негизинде Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёев тәрепинен қабыл етилген анық мақсет ҳәм ўазыйпаларды өзинде жәмлеген Пәрман ҳәм қарарлар үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул ҳүжжетлер халқымыздың абат турмысын тәмийинлеў жәнe оларға қолайлы шараят жаратыў, экономикамызды беккемлеў, халықтың дәраматларын арттырыў, исбилерменликти раўажландырыў, халық хожалығы тараўларды буннан былай да жетилистириўге әҳмийетли тийкар болды.

Сондай-ак, елимиздиң жаңа раўажланыў басқышында ең дәслеп, аймақларды, район ҳәм қалаларды комплекс ҳәм теңсалмақлылықта социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 18-январьдағы «2017-2021-жылларда Аралбойы регионын раўажландырыў бағдарламасы ҳаққында»ғы қарарына муўапық, халықтың саламатлығын тиклеў ҳәм қорғаў, экологиялық машқалаларды кемейтиў, инженерлик-коммуникациялық тармақларды қурыў жумыслар әмелге асырылды, соның менен бирге Мойнақ, Шоманай, Қанлыкөл, Тахтакөпир, Шымбай районларында санаат тараўларында жаңадан шөлкемлестирилген микрофирмалар менен киши кәрханалар салық төлемлеринен азат етилди. Ал, усы жыл 28-февральдағы «Қарақалпақстан Республикасы Мойнақ районын 2017-2018-жылларда экономикалық раўажландырыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бойынша қосымша илажлар бағдарламасы ҳаққында»ғы қарары усы районның социал-экономикалық раўажланыўына тийкар жаратты [8:1].

Сондай-ак, Президентимиздиң арнаўлы қарары тийкарында санаат потенциалын жәнe де арттырыў мақсетинде Шымбай, Қоңырат, Тақыятас, Хожели, Әмиўдәрья, Беруний районларында санаат зоналары шөлкемлестирилди [9:2].

Соны да айрықша атап өтиўимиз керек, Қарақалпақстанды ҳәр тәреплеме раўажландырыў ушын Президентимиздиң тәрепинен 2020-жылы әҳмийетли еки қарар қабыл етилди. Бириншиси, 11-ноябрьдеги «2020-2023-жыллары Қарақалпақстан Республикасын социаллық-экономикалық раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы қарары менен халықтың турмысын жақсылаў жәнe барлық қала ҳәм районларды, тараўларды жедел раўажландырыўға хызмет ететуғын бағдарлама белгилеп алынды. Екиншиси, 2020-жыл 5-декабрьдеги «Қарақалпақстан Республикасында суў ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў ҳәм жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў бойынша кешиктирип болмайтуғын илажлар ҳаққында»ғы қарар болып, оны Аралбойында жасаўшы пүткил халқымыз тәғдирине байланыслы болған халықтың турмыс абаданлығын жақсылаўға тийкар жарататуғын әҳмийетли ҳүжжет болды [10:2].

Соның менен бирге, елимиздиң басшысы Қарақалпақстанды буннан былай да раўажландырыўда бес тийкарғы ўазыйпаны белгилеп берди. Атап айтқанда, инвестицияларды кеңнен тартқан ҳалда санаатты жедел раўажландырыў, импорт орнын басатуғын өнимлер ислеп шығаратуғын кәрханаларды көбейтиў, киши бизнес жәнe жеке исбилерменликти қоллап-қуўатлаў, сол арқалы халықтың бәнтлигин тәмийинлеў, аўыл хожалығына заманагөй технологияларды кеңнен енгизиў ҳәм өнимлерди қайта ислеп шығарыўды көбейтиў илажлары белгиленди.

Буннан тысқары, заманагөй инженерлик-коммуникация, жол-транспорты, социаллық инфраструктураны жаратыў, усы арқалы халыққа, соның менен бирге исбилерменлик субъектлерине қолайлы шараят жаратыў, Аралбойы халқының жасаў шараятларын жақсылаў бойынша ўазыйпалар белгиленди. Усылар менен бир қатарда, кем тәмийинленген, жәрдемге мүтәж шаңарақларды қоллап-қуўатлаў мақсетинде «Темир дәптер», «Ҳаял-қызлар дәптери», «Жаслар дәптери» жолға қойылды.

Усы жоқарыдағы бағдарламалардың табыслы әмелге асырылыўы нәтийжесинде Қарақалпақстан Республикасы экономикасының жәнe де беккемлениўи, исбилерменликти қоллап-қуўатлаў, халықтың турмыс абаданлығын арттырыў ҳәм инсанларды социаллық қорғаў сыяқлы ийгиликли ислери, санаат, экономика, қурылыс, транспорт ҳәм басқа да тараўларда жоқары нәтийжелериге еристи. Улыўма алғанда, 2017-2021-жыллар даўамында Қарақалпақстан Республикасының жалпы аймақлық өними 32% өсиў тәмийинленди. Бунда санаат ислеп шығарыў 30%, аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыў 20%, искерлик көрсетип атырған кәрханалар саны 59% өсти. Соның менен бирге, 2.278 км суў трубалары тартылды ҳәм оңланды, 4.390 мың квадрат метр үй-жай пайдаланыўға тапсырылды, мектепке шекемги оқыў орынларында 15,2 мың, мектеплерде 38,3 мың орын жаратылды, 127 мыңға жақын жаңа жумыс орны жаратылды [11:21]. Бул Қарақалпақстанда экономиканың барлық тараўларында макроэкономикалық көрсеткишлердиң турақлылығы даўам етип атырғанын көрсетеди ҳәм путкил елимиз қатарында Қарақалпақстанның экономикасы да жоқары пәтлер менен раўажланып атырғанынын нәтийжеси болып табылады.

Экономикамыздың тийкары болған исбилерменликти жәнe де раўажландырыў – бул мәмлекетлик сиясаттың баслы бағдарларынан саналады. 2000-жылы басланған экономикалық реформалардың кейинги басқышында Қарақалпақстан Республикасында экономиканың барлық салаларында мүлкшиликтиң жаңа түрлери раўажланыўы даўам етилди. Бул басқышта жеке исбилерменликти, әсиресе, киши ҳәм орта бизнес кәрханаларын кең көлемде раўажландырыў ушын шараятлар жаратыў ҳәм оны кепилликлеўге қаратылған бир қатар ҳуқықый-нормативлик ҳүжжетлер қабылланды. Онда исбилерменлик хызмети субъектлерин мәмлекет дизиминен өткериў механизми әпиўайыластырылды, пуқаралардың исбилерменлик хызметинде еркин қатнасыўы ҳәм мәпдарлығы ушын кепилликлер ҳәм де шараятлар жаратылды, исбилерменлердиң жеңиллетилген кредит алыў ушын ҳуқықлары беккемленди.

Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясының қабыл етилип, онда мәмлекетимизде исбилерменликти раўажландырыў ҳәм қоллап-қуўатлаў ең баслы мақсетлердиң бири етип белгиленди. 2017-2021-жыллар даўамында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти қоллап-қуўатлаў мақсетинде амелге асырылган жумыслар – салық ҳәм басқа да төлемлерде жеңилликлер бериў, жаңа жумыс орынларын жаратыў, исбилерменлердиң машқалаларын шешиўде мәмлекетлик хызметлер агентлиги орайлары шөлкемлестирилиў, Бизнес-Омбудсман бөлимлериниң жумыс баслағаны, Өзбекстан Республикасы Бас министриниң Исбилерменлердиң мүрәжатларын көрип шығыў қабыллаўханаларының ашылғанлығы айрықша әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстанда бул жыллары исбилерменликти жәнe де жедел раўажландырыўға итибар күшейтирилип, республикада исбилерменликти раўажландырыў, инвестицияларды тартыў ҳәм бизнес жүргизиў ушын қолайлы орталық жаратыў, исбилерменлердиң нызамлы мәплерин қорғаўдың

ҳуқықый кепилликлерин беккемлеў тараўында кең көлемли жумыслар әмелге асырылды. Усындай қолайлы шараятлар жаратылыўы нәтийжесинде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик субъектлериниң саны Қарақалпақстан Республикасы бойынша 2000-жылда 9063 ти қураған болса, 2021-жылға келип олардың улыўма саны 20 мыңға жетти [12:1]. Бүгинги күнде экономикамыздың раўажланыўына үлес қосып атырған исбилерменлик субъектлериниң түрли тараўларда жумыс алып барып, өз мийнети менен үлкен жетискенликлерге ерисип атырғанын көриўимизге болады. Атап айтқанда, аўыл хожалығы тараўында, саўда тараўында, қурылыс ҳәм санаат тараўларында жоқары көрсеткишлерге ерисилмекте.

**Әдебиятлар**


1. «Бизнес-вестник Востока»: http://www.uzbekistan.org.ua/ru/investclimat //kungradskij-sodovyj-zavod-vvel-v-stroj-vtoruyu-ochered-moshchnostej.html
2. /«Еркин Қарақалпақстан». 6 декабрь 2015 жыл
3. /«Вести Каракалпакстана». 2011 год 27 августа; «Еркин Қарақалпақстан». 15 ноябрь 2016 жыл
4. /«Еркин Қарақалпақстан». 16 август 2011.
5. /«Еркин Қарақалпақстан». 15 ноябрь 2016.
6. /«Вести Каракалпакстана». 2011 год 27 августа
7. /«Еркин Қарақалпақстан». 29 август 2015.
8. /«Еркин Қарақалпақстан». 8 август 2017.
9. /«Еркин Қарақалпақстан». 31 август 2018.
10. /«Еркин Қарақалпақстан». 1 июль 2021.
11. КА ҚР Кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлиги. Инфографика: Социально-экономическое развитие Республики Каракалпакстан за 2017-2021 годы. -Н.: 2022.
12. /«Еркин Қарақалпақстан». 3 май 2021.


**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада 2000 йиллардан бошлаб мамлакатимизда бошланган иқтисодий ислоҳотлар даврида ва кейинги босқичларда, шунингдек, туб ислоҳотлар даврида Қорақалпоғистон Республикаси халқ хўжалигининг барча тармоқларининг барқарор ривожланишини таъминлашга қаратилган чора-тадбирлар кўрсатилган. 2017-2021 йилларда иқтисодиёт секторининг шунингдек, вилоятда иқтисодий ислоҳотларни чуқурлаштириш йўлида иқтисодиётни модернизациялаш масалалари ўз ифодасини топгани иқтисодиётда хусусий секторни кўпайтириш, аҳолини ижтимоий қўллаб-кувватлаш жараёнларини кўрсатмоқда.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлены мероприятия, направленные на обеспечения стабильного развития всех отраслей народного хозяйства Республики Каракалпакстан в период начавшихся экономических реформ в стране с 2000-х годов и в последующие этапы, а также в период коренных реформ экономической отрасли в 2017-2021 годы. Также на пути углубления экономических реформ в крае отражены вопросы модернизации экономики, где показаны процессы увеличения частного сектора в экономике и социальная поддержка населения.

**SUMMARY.** This article presents measures aimed at ensuring the stable development of all sectors of the national economy of the Republic of Karakalpakstan during the period of economic reforms that began in the country since the 2000s and in subsequent stages, as well as during the period of fundamental reforms of the economic sector in 2017-2021. Also, on the way to deepening economic reforms in the region, the issues of modernizing the economy are reflected, which shows the processes of increasing the private sector in the economy and social support for the population.

## TARIYXÍY SHÍNLÍQTÍ IMITACIYALAWDA MUZEY EKSPONATLARÍNÍŃ ÁHMIYETI

**A.S.Seyfullaev** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** tarixiy voqelik, tarixiy tafakkur, muzey, muzey ekspozitsiyalarini imitatsiyalash, muzey pedagogikasi, virtual ekspetsiya, madaniy tarbiya.

**Ключевые слова:** историческая реальность, историческое мышление, музей, имитация музейных экспозиций, музейная педагогика, виртуальная экспедиция, культурное воспитание.

**Key words:** historical reality, historical thinking, museum, imitation of museum expositions, museum pedagogy, virtual expedition, cultural education.

Búgingi kúni mámleketimizde milliy rawajlanıwdıń jańa dáwirine qádem taslamaqta. Barlıq tarawlarda úlken ózgerisler júz berip, xalqımız turmısın abadan etiwge, párawanlıǵın támiyinlewge qaratılǵan jańalanıwlar ámelge asırılmaqta. Bunıń nátiyjesinde bul baǵdarda kólemli jumıslar orınlanıp, joqarı kórsetkishlerge erisildi. Biraq, bul biz isleniwi tiyis jumıslardı islep boldıq degeni emes. Ele de isleniwi kerek jumıslar, sheshimin kútip turǵan máseleler kópshilik. Bul máselelerdiń unamlı sheshiliwi kóp jaǵınan keń jámiyetshiligimizdiń belsendiligine, xızmeti hám bilimine de baylanıslı bolıp tabıladı.

Basqa tarawlar siyaqlı, bilimlendiriw salasında da túpkilikli ózgerisler ámelge asırılıp, onnan gózlengen maqset kreativ pikirleytuǵın, logikalıq oylawǵa iye, turmıs kónlikpeleri qáliplesken náwqıran áwladtı tárbiyalap jetilistiriw bolıp tabıladı. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev óziniń Oliy Májlis hám Ózbekstan xalqına jollaǵan Múrájatında tálim-tárbiyanıń mámleket hám jámiyet turmısındaǵı tutqan ornı hám áhmiyetine ayrıqsha toqtalıp, jańa Ózbekstan ushın eń úlken investiciya bolǵan bilimlendiriwdi qollap-quwatlawǵa tiykarǵı itibar qaratılıwı tiyis ekenligin atap ótti. «Mádet-tálimde, mádet-tárbiyada, mádet-bilimde». Sebebi, barlıq iygilikli islerge bilim hám tárbiya arqasında erisiledi [1].

Ótmishti úyreniw ulıwma insanıy qádiriyatlardı ańlap jetiwde, óz ata-babalarınıń jáhán mádeniyatına qanshelli dárejede úles qosqanlıǵın biliwde hám bul dástúrlerdi dawam ettiriwge múnásip bolıwları kerekligin seziniwleri ushın da áhmiyetli. Tariyxıy bilimlerdiń hár bir insan ushın áhmiyeti qanshelli úlken ekenligin tereń sezingen halda, mámleketimizde tariyxtı oqıtıw mámleket siyasatı dárejesine kóterildi. Sebebi, tariyx sabaqları insandı sergeklikke úyretedi, erk-ıqrarın bekkemleydi [2].

Mámleketimizde social-gumanitar ilimlerdiń rawajlanıwı hár bir insannıń ótmishti ańlap jetip, keleshegin boljawına, juwmaqlar shıǵarıwına úlken járdemin tiygizedi. Sonlıqtanda Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev ilimdi rawajlandırıwǵa baǵıshlanǵan májilislerde, alımlar menen bolǵan ushırasıwlarında bul baǵdardaǵı isleniwi tiyis jumıslar júzesinen óziniń pikirlerin bildirip kelmekte: Atap aytqanda, «Bir haqıyqattı bárshemiz tereń túsinip alıwımız zárúr: milliy tariyxtı, milliy ruwx penen jaratıw kerek. Bolmasa onıń tárbiyalıq tásiri bolmaydı. Biz jaslarımızdı tariyxtan sabaq alıw, juwmaq shıǵarıwǵa úyretiwimiz, olardı tariyx ilimi, tariyxıy oy-óris penen qurallandırıwımız zárúr» [3] degen pikiri búgingi kún ushın aktual másele bolıp tabıladı.

Ulıwma orta bilim mekteplerinde ótiletuǵın tariyx páni sabaqlarında oqıwshılardıń tariyxıy bilimlerin, oy-órisin rawajlandırıwda muzey ekspoziciyalarınıń ornı girewli. Muzey degende xalıqtıń, eldiń, millettiń, mámlekettiń tariyxın, ekonomikasın, ruwxıy turmısın, kórkem-ónerin, tábiyatın, milliy qadriyatların jıynap, qádirlep-qásterlep saqlap, úgit-násiyatlap hám keleshek áwladqa jetkerip, onı